

- Chèchè yon vwazin ou kab palé dé pwoblém nan é mandé yo pou yo ap alé rélé 911 dépi yo tandé bwi dwol ap soti nan kayla. Si akizé-a pa rété avè-ou, di vwazin yo pou rélé 911 si yo wè akizé-a bo koté kayla.

- Ou kapab itilize *57 ou kab métél nan dosyé pou swiv apèl tèlèfon-w (Rélé konpayi tèlèfon-w pou infomasyon pou wè si yo ap chajé-w pou servis sa). Ou pa bézwen souskri pou itilize numéro sa. Yon polis ofisyé kapab mandé ou yon kopi yo itilize nan tribinal.

- Toujou kenbé lod pwotéksyon-a avèk-ou épi rélé la polis si akizé-a dézobéyi lod la. Palé avèk fanmi-w, zanmi-w, e vwazin yo ké ou gen yon lod pwotéksyon kont akizé-a.

- Di moun nan travay la sitiasyon-w. Bay biwo sekirité nan travay la foto moun la. Mandé yo pou rélé 911 si yo wè moun nan nan travay ou.

- Fè aranjman avèk travay ou pou yo konnen ki moun kap rélé ou.

- Réfléchi ki jan w-ap fè pou kité travay ou. Fè yon moun aconpayé yo nan machinn ou. Pa fè menm wout tout tan pou alé lakay ou. Pensé kisa wa-p fè si yon bagay rivé pandan ou lakay ou.

- Si-w ou pensé pou genyen nipôt relacion avèk akizé-a, diskité yon lot plan ak yon moun ou fè konfyans.

LIST - SA POU PRAN LE WAP KITÉ:

- _____ Idantifikasyon (I.D.)
- _____ Lisans
- _____ Kat sosyal sekirité
- _____ Batiste pa-ou
- _____ Batiste ti moun yo
- _____ Lajan
- _____ Papyé kay
- _____ Papyé la bank
- _____ Kanè la bank
- _____ Papyé asirans
- _____ Klé machin-n ak kay
- _____ Medikaman
- _____ Kanè adres
- _____ Foto
- _____ Papyé medikal /dokte
- _____ Pemi travay ou
- _____ Kat residans
- _____ Paspo
- _____ Papyé divos
- _____ Bijou
- _____ Jouet pou ti moun yo

COMMUNITY RESOURCE NUMBERS: CALL 911 IN AN EMERGENCY

D.A.R.T. - DOMESTIC ABUSE RESPONSE TEAM
Naples 239-252-2749
Immokalee 239-657-6168

COLLIER COUNTY SHERIFF'S OFFICE
Non-emergency 239-252-9300

NAPLES POLICE DEPARTMENT
Non-emergency 239-213-4844

MARCO ISLAND POLICE DEPARTMENT
Non-emergency 239-389-5050

Witness Management
239-252-2701

Shelter for Abused Women & Children's Shelter
24-hour helpline
239-775-1101

State Attorney's Office
239-252-8470

Department of Children and Families
1-800-96-ABUSE

David Lawrence Center
S.A.F.E. - Stop Abuse For Ever Treatment Program
239-643-6101

Immokalee S.A.F.E. Center
239-657-4434

Project HELP, Inc. (24- hr hotline)
239-262-7227

Project HELP
239-649-1404

Collier County Clerk of Courts
Domestic Violence Court
(Injunction for Protection)
239-252-2749

D.A.R.T.

ÉKIP REPOUS POU ABI DOMÉSTIK

PRAN AKSYON

KONNEN DWA OU POU SISPANN
PRAN ABIZE.



CHERIF KEVIN J. RAMBOSK

**Biwo Cherif Konte Collier
Naples 239-793-2749**

Immokalee 239-657-6168

www.colliersheriff.org

This project was supported by Award No. V10129 awarded by the Office for Victims of Crimes, Office of Justice Programs. Sponsored by the Collier County Sheriff's Office and the State of Florida.

Nou Pran Swen Ou - Biwo Cherif Konte Collier genyen yon gwoup moun espésyal ki la pou édé moun ki viktim vyolans domestik. Ékip Repons Pou Abi Doméstik (D.A.R.T.) konsiste de défans viktim ak detektif ki konprann vyolans familyal épi yo konprann poukisa-w pè.

Nou konprann rézon ki fè viktim rété nan relasyon abi e nap travay ak ou pou nou chanjé sityasyon-w.

Défans viktim nou yo ka bay transpo pou yon lot koté pi ansékirité ak èd rapid nan kriz aprè yon zak vyolans. Yo bay sipo, yo bay rékomandasyon pou voyé-w nan ajens kominoté. Yo akonpayé-w nan tribinal épi yo bay défans pèsònèl nan avantaj ou. Rélé nan 239-252-0714 si-w vlé palé ak yon défans viktim.

Aretasyon- Vyolans domestik sé yon krim kont Eta Florid. Lè akizé-a arété, ou pa kapab lagé akizasyon vyolans domestik.

Aprè yo arété yon moun pou vyolans domestik, akizé-a parét dévan jij. Jij la désidé si krim la sé yon koz seryé, si moun nan gen yon dosyé kriminèl, si moun nan pa yon danjé pou kominoté-a ak viktim nan aprè yo lagé-l, e si-l nan afe ak moun nan kominoté-a.

Bazé sou enfomasyon sa, jij la ap bay akizé-a yon garanti oubyen li ka lagé akizé-a ak kèk bagay pou-l fè kou-l soti nan prizon. Nan bagay pou-l fè, jij la ka pasé lod pou akizé-a pa pran okenn kontak ak viktim nan. Sa vlé di pa rélé viktim nan nan tèlèfon, faks, lapos ou nan yon twazyèm pati ki enkli moun nan fanmi-l.

Si akizé-a dezobéyi lod sa, yo kapab anilè garanti-a jij la bay é yo ka arété-l yon dézyem fwa.

Jij la ap pran tout sa ou di nan konsidérasyon. Si-w genyen yon bagay ou vlé di pret pou yo lagé oswa kénbé akizé-a, rélé défans viktim domestik nan 239-252-0714.

Prosédi Jistis Kriminèl - Moun ki té arété pou vyolans domestik kap oblijé alé nan Pwogram Dévyasyon Vyolans Doméstik ki nan Biwo Avoka Gouvenman. Moun ki alé nan pwogram sa, péyé pou swiv sésyon gwoup trétman chak sémèn. Lè yo fini ak pwogram sa, léta pral anilè ka sa. Si akizé-a pa kalifyé

pou pwogram devyasyon, tribinal pral **préparé yon akizasyon** ofisyèl nan dé ou twa sémèn. Nan tribinal akizé-a ap di jij la “no contest” obyen “koupab” lè sa jij la anoncé santans la. Si akizé-a déklaré li “pa koupab” nan twa sémèn akizé-a bral prezenté nan tribunal. Aprè dènié prezencion nan tribinal jij la ap bay dat pou dènié jugmen. Yon réprésentan nan ékip la ap fè ou konnen chak dat yo épi yo ap akonpayé-w nan tribinal.

Pet Ekonomik - Si-w sé yon viktim nan yon krim vyolans, ou kapab kalifyé pou résévwa rékonpans pou dépans medikal, si ou pèdi jou nan travay, dépans pou antèman, oubyen konsèy pou-w menm ak fanmi-w. Ou mèt rélé noun nan Séksyon Asistans Viktim nan numéro 239-252-0714. Pou mandé avoka-w si yo ka bay ou édé pou ranpli papyé rékonpans krim ou toujou kapab rélé Jeneral Akova Gouvenman nan numéro 1-800-226-6667. Gen posiblité pou léta fè akizé-a rémèt bagay ou pèdi ak tout bagay li fè-w pasé akòz de krim sa. Avoka Gouvenman-a ki anchaj ka-w kapab asisté-w ak zafè sa.

Tribinal la kapab bay ou yon asiyasyon pou konparèt kom yon témwen nan ka kriminèl la. Si yo bay ou yon asiyasyon pou konparèt, rélé Administrte Témwen pou réponn papyé-a, numéro-a ap sou papyé-a. Li trè inpotan pou nou genyen numéro tèlèfon ou ak adrès ou pou nou rélé-w pou fè-w konnen si okenn bagay chanjé nan ka-a. Si-w chanjé numéro tèlèfon oubyen adrés ou, sil vou plè fè moun yo konnen. Infomé Avoka Gouvenman-a si avoka akizé-a bay ou yon asiyasyon pou konparèt nan tribinal. Défans viktim nan kapab asisté-ou ak transpò pou alé nan tribinal épi yo akonpayé-w nan prezanté dévan jij.

Sé Yon Bagay Kriminèl - Si yon moun nan fanmi-w, yon moun w-ap viv avé-l, oubyen ou gen pitit avé-l ap bat ou oubyen fè kadéjak sou-w, ou sé viktim vyolans domestik. Gen lwa pou pwotéjé-ou!

Ou gen dwa résévwa pwotéksyon anba la lwa Florid 741.30 oubyen 748.046.

Ou pa bézwen péyé pou ranpli yon demann pou pwotéksyon. Pou plis enfomasyon visitè Biwo Sekrété Tribinal nan sou etaj sis nan Konte Collier Tribinal a 3315 Tamiami Trail, nan sou etaj twazyèm la nan 239-252-2760. Poté kat identite (I.D.) ak tout papyé prev ou genyen pou ka sa.

Di sekreté-a ou bézwen yon demann pou pwotéksyon pou vyolans domestik. Fom sa ap espliké jij la ki kalité pwotéksyon-w bézwen ak poukisa-w bézwen pwotéksyon. Seksyon Asistans Viktim kapab asisté-w ranpli fom la pou ou résévwa pwotéksyon. Rélé nan 239-252-2749 pou asistans.

Menm si ou kité lakay ou, ou toujou kapab ranpli yon demann pou pwotéksyon.

Si-w rélé la polis épi yo pa arété peson, polis la ap bay biwo avoka gouvenman yon rapo pou yon manda arestasyon.

Sa Jij La Kapab Fè Pou Ou - Si ou genyen yon bon rézon pou demann pwotéksyon, jij la ap siyen papyé-a demann pou pwotéksyon-a pou ou tan. La lwa ap fè akizé-a byen konnen ke-w bézwen pwotéksyon kont li menm.

Pwotéksyon-a valab pou 15 jou oubyen pou lè moun la parét dévan jij la anko, sak ki vin anvan. Dévan jij la ou ka mandé yo fè pwotéksyon-a pou tout tan. Rélé nan 239-252-0714 pou enfomasyon.

Si jij la nyé demann ou pou pwotéksyon paske tribinal la pa pensé ou nan danjé ak vyolans domestik, tribinal la ap bay ou yon dat pou parét dévan jij la pou palé sou sa. Nan menm tan, la lwa ap fè akizé-a konnen ki lè dat sa pou-l parét tou.

Sa Yon Demman Pwotéksyon Sa-a Fè - 741.29 (b) Men kek bagay, jij la kapab mandé:

• Akizé-a pa kapab fè okenn zak malveyans sou ou, pitit-ou, ni lot moun nan fanmi-w oubyen moun ki viv avé-w.

• Akizé-a pa kapab vini nan kay ou, lékol ou, oubyen nan travay ou.

• Fosé akizé-a paye sipo pou timoun.

• Fosé akizé-a kité kay la tou swit.

• Fosé akizé-a alé nan konsey.

• Fè pitit ou gen ak moun nan rété nan men-w.

• Fosé akizé-a bay la lwa tout zam li genyen.

Si Malféktè-a Tounin Anko - Si akizé-a pa swiv lod jij la bay, rélé la polis oubyen biwo Cherif la épi montre yo papyé pwotéksyon-a. Pafoua la polis la kapab arété moun la. Si yo pa kabab arété moun la, yo ap fè yon rapo épi yap voyé li nan biwo Vyolans Doméstik po investigel.

Min Koman Pou Protéje Tètou - Follow these tips to keep yourself safe.

• Rélé 911 si ou pa santi ansékirité.

• Ou gen dwa pou pwotégé tèt-ou jiskaské ou pa na danjé.

• Si ou pa kapab evité diskisyon an, éséyé rété nan yon koté ki fasil pou ou kapab soti, pa rété nan koté ki femen oubyen nan nenpòt koté ki gen zam.

• Chèchè konnen ki pot, fenet ak eskalye ki pi fasil pou ou soti.

• Désidé e planifye yon koté wa-p alé si pou kité kay la, épi konnen ki moun ki ka prété-ou lajan si ou bézwen-li.

• Mété yon sak tou paré yon koté kaché men ki fasil dé kwa pou ou alé rapid.

• Chèchè yon mo sékrè pou ti moun yò, zanmi-ou, fanmi-ou tou konnen pou yo rélé la polis.

• Ouvri yon kanè la bank sou non-ou pou établi endépandans ou.

• Kité lajan, extra klé, kopi papyé inpotan, extra rad avèk yon moun ou fè konfyans.

• Kenbé niméro Shelter Helpline (239-775-1101) nan men-ou tout tan.

• Chanjé klé nan tout pot kay ou épi mété aparéy sekirité nan fenet ou tou.

• Diskité Yon plan sekirité avèk pitit ou lè nou separé.

• Fè lékol ti moun yo konnen problemou épi fè yo konnen ki moun ki gin dwa vin chèchè yo. Si ou gin yon kopi de papyé pwotéksyon-a bay yo yon kopi.